# OQÍWSHÍLARDÍŃ HÁR TÁREPLEME RAWAJLANÍWÍNDA MUZÍKALÍ RITMIKALÍQ HÁREKETLERDÍŃ ÁHMIYETI

**Tajetdinova Sofya Mnajatdinovna**
Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı
Muzıkalıq tálim kagedrası docenti
**Satıllayeva Sevara Ruslan qızı**
Muzıka tálimi 3 – kusr studenti

*https://doi.org/10.5281/zenodo.15530088*

***Annotatsiya.*** *Bu maqolada o'quvchilarni har tomonlama rivojlanishida musiqa ostida ritmik harakatlar bilan qo'shiqlarni o'rgatishni ahamiyati haqida so'z etiladi.*

***Tayanch soz va iboralar***: *Ritm, ta'lim, tarbiya, musiqa, tizim, emotsional, obraz.*

# THE IMPORTANCE OF MUSICAL RHYTHMIC MOVEMENTS IN THE ALL-ROUND DEVELOPMENT OF STUDENTS

***Abstract.*** *This article explores the importance of teaching singing through rhythmic movement to music for comprehensive development of students*

***Keywords:*** *Rhyht, education, nurturing, music, system, emotions, image.*

# ЗНАЧЕНИЕ МУЗЫКАЛЬНО-РИТМИЧЕСКИХ ДВИЖЕНИЙ ВО ВСЕСТОРОННЕМ РАЗВИТИИ УЧАЩИХСЯ

***Аннотация.*** *В данной статье исследуется значимость обучения пению посредством ритмических движений под музыкальное сопровождение для всестроннего развития учащихся.*

***Ключевые слова:*** *Ритм, образование, воспитание, музыка, система, эмоции, образ.*

Muzıka kórkem óneri jas balanıń rawajlanıwına úlken tásir kórsetiwi jıllar dawamında ilimpazlar tárepinen izertlenip kelingen. Muzıka oqıwshı jaslardıń ıqlasın ózine tartıp aqıl – oyı, pikirleri, sezimleriniń qáliplesip barıwında oǵada áhmiyetli bolıp esaplanadı.

Muzıka tálimi – tárbiyası oqıwshılarda aqıl – zeyindi ótkirlestiredi, bir birewine bolǵan óz ara múnásebet mádeniyatın qáliplestiredi, óz betinshe iskerligin, miynet etiwge degen belsendiligin rawajlandıradı, awızbirshilikli bolıwǵa tárbiyalaydı, birgelikte quwanıw sezimlerin payda etedi, ózin hám basqalardı húrmetlewge tárbiyalaydı hám sonıń menen birge bunıń bir ayrıqsha tárepi jámiyette olardıń óz ornın tabıwına járdemlesedi. "Muzıka mádeniyatı" pánin oqıtıw arqalı balalar muzıka bilimin úyreniw menen olar muzıkanıń sıyqırlı gózzal áleminen zawıq alıw menen birge kem – kemnen unamlı pazıyletler qáliplesip sulıw minez, taza júriw, ádepli bolıwdıń mazmun mánisin túsine baslaydı. Ásirese Ana - Watan, doslıq sezimleri oyanıp, tınıshlıqtı qádirlew, átirapımızdaǵı tábiyat, ajayıp qubılıslar haqqındaǵı qosıqlardı tıńlaw hám atqarıwǵa óz mazmun kúshi menen olardı tásirlendirip, oylaw, pikirlew, dóretiwshilik qızıǵıwshılıǵın arttıradı, túsiniklerin bayıtadı hám hár tárepleme tárbiyalanadı.

Ritmika júdı jas taraw bolıp ritm járdeminde hám ritm jolında tárbiyalaw pikiri XX asrge baylanıslı bolıp esaplanadı. Ritmikalıq tárbiya tiykarınan ótken ásrde qollanıla baslandı. Bul taraw jámáátlik tájiriybe bolıp, moskvalı ritmika pedagogları N.G. Aleksandrova, V. A.Griner, N. P. Zbruyeva, I. V. Chayanovalar hámde Ye Konorovalardıń derlik jigirma jıllıq izleniwler nátiyjesinde dóretildi. Bul metodikanı rawajlandırıw hám bekkemlew ústindegi

jumıslar elege shekem dawam etip atır. Ritmikanıń teoriyalıq tiykarı, maqseti dúzilisi, usılları hám zamanagóy úyreniwge iyeligi, turmıstıń barlıǵı kórinislerinde bar bolıp tártipke salınǵan háreket sıpatında ritm tábiyatta bolatuǵın barlıq processlerde birgelesedi. Keshe hám kúndiz, jıl máwsimlerdiń almasıwı, aydıń shıǵıwı hám batıwı, teńiz kóteriliwi hám páseyiwi, suw tasqınları, júrek urıwı. Barlıq háreketler tiri janlı zatlar sıyaqlı ritmge boysındırılǵan halda, belgilengen mákan hám zaman shegeralarında bolıp ótetuǵın hádiyseler bolıp esaplanadı.

Muzıkalıq ritmikalıq háreketler balalarǵa tálim beriwde áyyemnen baslap qollanılıp kelgen (Áyyemgi Hindstan, Qıtay, Greciya). Biraq birinshi márte ritmdi qarap shıǵıp, onı muzıkalıq tálim usılı sıpatında tiykarlaǵan shveycariyalı oqıtıwshı hám kompozitor Emil' Jak-Dal'kroz (1865-1950) boldı. Ol ritmniń aldına birinshi gezekte muzıkalıq qábiletlerdi, sonday - aq háreketlerdiń iykemliligin hám ritmdi seziw hám rawajlandırıw wazıypasın qoydı. Onıń muzıkalıq hám ritmikalıq tálim sistemasınıń ayırıqsha qádiri hám uzaq dawam etiwi házirge shekem saqlanıp keliwi onıń insanıy xarakterinde ekenliginen derek beredi.

Ritm – muzıkalıq iskerliktiń túrleriniń biri bolıp, bunda muzıkanıń mazmunı, onıń xarakteri, obrazları háreketler arqalı berilenedi. Bunıń tiykarın muzıka quraydı hám túrli dene shınıǵıwlar, oyınlar, syujet formadaǵı háreketler tereńirek qabıllawdı hám túsiniwdiń quralları sıpatında qollanıladı. Oqıwshılardıń muzıkalıq uqıbı, aynıqsa, eslep qalıw, ritmdi seziwi muzıkaǵa say ritmikalıq háreketler járdeminde jaqsı rawajlanadı. Hár qanday háreket túri muzıkalıq shıǵarmanıń tempi hám ritmi menen orınlanadı, háreket penen baylanıslı bolǵan muzıka ırǵaqları oqıwshınıń esinde saqlanadı;

– ayaq oyın hám muzıkalıq háreketler oqıwshıda háreketsheńlik, shaqqanlıqtı rawajlandırılıp, gewdesiniń durıs ósiwine hám denesin shınıqtırıwǵa úlken járdem beredi;

– muzıkalıq shıǵarmalar oqıwshılarda túrlishe emocionallıq sezimler oyatıp, túrlishe keypiyatlar payda etip, olardıń ózine tán obrazlar jaratadı, balalar shıǵarmanıń mazmunın hár túrli háreketler hám mimikalar menen súwretlewge háreket etedi.

Juwmaqlap aytqanda muzıkaǵa sáykes háreketler oqıwshılardıń sanasın hám muzıkalıq qábiletlerin rawajlandırıw menen birgelikde olardı shınıqtıradı. Muzıka shıǵarmalarınan marsh, ayaq oyınlarǵa arnalıp jazılǵan muzıka oqıwshılarǵa tez tásir etedi, sonıń ushın da quwnaq oyın háreketleri, qızıqlı muzıkalı oyınlar hár bir oqıwshınıń itibarın ózine tartadı. Ritmikalıq háreketler oqıwshılarda muzıkalıq qábiletlerdiń qáliplesiwinde hám olardıń hár tárepleme rawajlanıwında oǵada áhmiyetli bolıp úlken rol oynaydı.

**Ádebiyatlar:**

1. Nurmatov X., Norxójaev N., Amaniyazov Ǵ., Tajetdinova. Muzıka. 3 – klass ushın sabaqlıq. Tashkent, "Ǵafur Ǵulam". 2019.
2. Tajetdinova S. M. MUZIKA TÁLIMINDE AXBOROT HÁM PEDAGOGIKALIQ TEXNOLOGIYALARDAN PAYDALANIWDIŃ NÁTIYJELILIGI //Academic research in educational sciences. – 2021. – T. 2. – №. NUU Conference 1. – C. 275-277.
3. Tajetdinova S., Orınbaeva E. PEDAGOGICAL SIGNIFICANCE OF LEARNING TO PLAY THE MUSICAL INSTRUMENT DUTAR BY NOTE FOR STUDENTS OF MUSIC SCHOOLS OF THE BAKSY DEPARTMENT //Modern Science and Research. – 2024. – T. 3. – №. 1. – C. 1152-1156

4. Yusupova. N. “Musiqa savodi, metodikasi va ritmika”, “Musiqa nashriyoti”, Toshkent:, 20104.